

**PANGARUH PANGGINAAN STRATEGI PETA KONSEP DHATENG
KAPRIGELAN NYERAT DESKRIPSI DIPUNTINJAU SAKING MOTIVASI
PASINAON SISWAKELAS X SMA NEGERI 1 KERTEK KABUPATEN
WONOSOBO TAHUN PELAJARAN 2016/2017**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh DrajatMagister
Program Studi Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening

**Dewi Weningati
NIM. 15PSC01686**

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2017

PASARUJUKAN

**PANGARUH PANGGINAAN STRATEGI PETA KONSEP DHATENG
KAPRIGELAN NYERAT DESKRIPSI DIPUNTINJAU SAKING
MOTIVASI PASINAON SISWAKELAS X SMA NEGERI 1 KERTEK
KABUPATEN WONOSOBO TAHUN PELAJARAN 2016/2017**

Dening

Dewi Weningati

NIM 15 PSC 01686

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong 1

Tapak Asma

Tanggal

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK. 690 115 345

Pamong 2

Prof. Dr. Triyono, M.Pd.
NIP. 19540809 198010 1 002

Kauningan



Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum

NIP. 19600412 198901 001

PANGESAHAN


PANGARUH PANGGINAAN STRATEGI PETA KONSEP DHATENG KAPRIGELAN NYERAT DESKRIPSI DIPUNTINJAU SAKING MOTIVASI PASINAON SISWA KELAS X SMA NEGERI 1 KERTEK KABUPATEN WONOSOBO TAHUN PELAJARAN 2016/2017

Dening


Dewi Weningati

NIM 15 PSC 01686

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Pengaji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M. Hum.	
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum.	
Pengaji I	Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd.	
Pengaji II	Prof. Dr. Triyono, M.Pd.	

Kauningan,



Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd.

NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi

Pendidikan Bahasa



Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M. Hum.

NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Dewi Weningati
NIM : 15 PSC 01686
Jurusan / Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana
mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun
Judul : **Pangaruh Pangginaan Strategi Peta Konsep Dhateng
Kaprigelan Nyerat Deskripsi Dipuntinjau saking Motivasi
Pasinaon Siswa**

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebetung *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipunte dahaken ing salebetung kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika boten leres kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun *gelar* Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Wonosobo, 18 April 2017

Ingkang damel pratela

Dewi Weningati



MOTTO

NGELI DATAN KELI

PISUNGSUNG

Kanthy raos syukur dhumateng Allah SWT, *Tesis* menika kula aturaken dhateng

1. Tiyang sepuh kula alm Bapak Wahdany Yusuf kalihan Ibu Murniyati
ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu.
2. Semah kula Tarangan Maruto Edi, anak-anak kula Feditha Pralampita lan
Dania Prabayuditha ingkang tansah asung panjurung.
3. Kanca-kanca setunggal angkatan ingkang tansah guyup rukun sesarengan
ngudi kawruh.

ATUR PANGLANTAR

Puja pudyastuti tansah konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Wikan, awit lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun “Pangaruh Pangginaan Strategi Peta Konsep Dhateng Kaprigelan Nyerat Deskripsi Dipuntinjau Saking Motivasi Pasinaon Siswa Kelas X SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2016/2017”. Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Karana tesis punika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M. Pd. Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring *fasilitas*, ugi minangka dosen pamong 2 ingkang sampun paring panuntun kanthi sabar lan tlaten.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M. Pd. Direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten, ugi minangka dosen pamong 1 ingkang sampun paring pangarah lan panuntun salebeting nyekapaken tesis punika.
3. Dr. H. D. B. Putut Setiyadi, M. Hum. Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis punika.

4. Bapak Heri Pujiyanto, S.Pd.,M.Si Kepala SMA Negeri 1 Kertek, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah boten uwal saking kekirangan. Pramila panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Wonosobo, 17 April 2017

Panaliti

Dewi Weningati
NIM.15PSC01686

DAFTAR ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR GAMBAR	xiv
DAFTAR LAMPIRAN	xv
SARIPATHI	xvi
ABSTRAK	xvii
<i>ABSTRACT</i>	xviii
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis	10
C. Winatesipun Prakawis	11
D. Rumusaning Prakawis	11
E. Ancasing Panaliten	12
F. Mumpangating Panaliten	13
BAB II LANDHESAN TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT, LAN RAGANGANING PAMIKIR	15
A. Lambaraning Teori	15
1. Karangan Dheskripsi	15
2. Teknik Peta Konsep	19
3. Piwucalan Nyerat Dheskripsi Kanthi Teknik Peta Konsep	22
4. Metode Ceramah	24

5. Motivasi Pasinaon	29
B. Panaliten ingkang Gayut	33
C. Raganganing Pamikir	34
D. Hipotesis	40
BAB III METODHOLOGI PANALITEN	41
A. Wujud saha Strategining Panaliten	41
B. Papan saha Wekdaling Panaliten	43
C. Variabel Panaliten	44
D. Definisi Operasional	44
E. Populasi saha Sampel Panaliten	44
F. Teknik Ngempalaken Dhata	46
G. Instrumen Panalitaen	47
H. Validitas Instrumen	53
1. Uji Validitas	53
2. Uji Reliabilitas	54
I. Teknik Pangonceking Dhata	55
BAB IV HASILING PANALITEN LAN PEMBAHASAN	57
A. Dheskripsi Dhata	57
B. Uji Kualitas Dhata	58
1. Validitas	58
2. Reliabilitas	59
C. Dhata Tes	59
1. Dhata Tes Awal	59
2. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Peta Konsep	62
3. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Metode Ceramah	64
4. Dhata Nyerat Karangan Siswa Motivasi Inggil	66
5. Dhata Nyerat Karangan Siswa Motivasi Andhap	68
6. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Peta Konsep Lan Motivasi Inggil	70
7. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Peta Konsep Lan Motivasi Andhap	73

8. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Ceramah Lan Motivasi Inggil.....	75
9. Dhata Kaprigelan Nyerat Karangan Kanthi Ceramah Lan Motivasi Andhap.....	77
D. Uji Prasyarat Analisis	80
1. Uji Normalitas	80
2. Uji Homogenitas Varian	81
E. Pengujian Hipotesis	82
1. Uji Two Way Anova	83
2. Uji Lanjut Tukey	85
F. Pembahasan Asilipun Panaliten	87
BAB V PANUTUP	90
A. Dudutan	90
B. Implikasi	90
C. Pamrayoga	92
KAPUSTAKAN	95
LAMPIRAN	98

DAFTAR TABEL

1.	Desain Faktorial Eksperimen	42
2.	Populasi Saha Sampel Panaliten	45
3.	Skor lan Kriteria Penilaian Nyerat Karangan Dheskripsi	48
4.	Analisis Ragam Klasifikasi Two Way Anova	56
5.	Jumlah Sampel lan Tingkat Wangsulipun Kuesioner	57
6.	Hasil Uji Validitas	58
7.	Hasil Uji Reliabilitas	59
8.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi	60
9.	Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi ..	61
10.	Rangkuman Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Ngginakaken Strategi Peta Konsep	63
11.	Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Ngginakaken Strategi peta Konsep	64
12.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Ngginakaken Metode Ceramah	65
13.	Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Ngginakaken Metode Ceramah	66
14.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kelompok Ingkang Nggadhahi Motivasi inggil	67
15.	Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Nggadhahi Motivasi Inggil	68
16.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Nggadhahi Motivasi Andhap ...	69
17.	Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi	70

Kelompok Ingkang Nggadhahi Motivasi Andhap	
18. Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Ngginakaken Peta Konsep Lan Nggadhahi Motivasi Inggil	71
19. Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Ngginakaken Peta Konsep Kanthi Motivasi Inggil	72
20. Rangkuman Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Ngginakaken Peta Konsep Kelompok Motivasi Andhap	74
21. Rangkuman Kategori Skor tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi kanthi Motivasi Andhap	75
22. Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi kanthi Migunakaken Metode Ceramah lan nggadhahi Motivasi Inggil	76
23. Rangkuman Kategori Skor Tes Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi kanthi Migunakaken Metode Ceramah lan nggadhahi Motivasi Inggil	77
24. Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok utawi Kelas Ingkang Nggadhahi Motivasi Andhap Ngginakaken Metode Ceramah Salebetung Pasinaon Nyerat Karangan Dheskripsi	78
25. Rangkuman Pikantukipun Skor Tes Kaprigelan Nyerat karangan dheskripsi Kelompok Kelas Motivasi Andhap Ingklang Ngginakaken Metode Ceramah Wonten Pasinaon Nyerat Karangan Dheskripsi	80
25. Uji Normalitas Sebaran Dhata	81
26. Uji Homogenitas	82
27. Uji Two Way Anova	83
28. Metode Belajar Lan Motivasi	84
29. Uji Tukey	86

DAFTAR GAMBAR

1.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi	61
2.	Rangkuman Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan dheskripsi ngginakaken strategi peta konsep ...	63
3.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Ingkang Ngginakaken Metode Ceramah ...	65
4.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kelompok Ingkang Nggadhahi Motivasi Inggil	67
5.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan dheskripsi Ingkang nggadhahi Motivasi Andhap.....	69
6.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Ngginakaken Peta Konsep Pohon Jaringan Lan Nggadhahi Motivasi Inggil	72
7.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Ingkang Ngginakaken Metode Ceramah Lan Nggadhahi Motivasi Inggil	76
8.	Rangkuman Dhata Awal Distribusi Frekuensi Kaprigelan Nyerat Karangan Dheskripsi Kelompok Utawi Kelas Ingkang Nggadhahi Motivasi Andhap Ngginakaken Strategi Ceramah Salebeting Pasinaon.Nyerat Karangan Dheskripsi	79

DAFTAR LAMPIRAN

1.	Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)	99
2.	Daftar Nilai	119
3.	SPSS	125

SARI PATHI

Dewi Weningati, 15 PSC01686. "Pangaruh Pangginaan Strategi Peta Konsep Dhateng Kaprigelan Nyerat Deskripsi Dipuntinjau Saking Motivasi Pasinaon Siswa Kelas X SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2016/2017". Tesis: Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.

Ancasing panaliten punika kangege madosi: 1) bukti empiris kangege mangertosi punapa kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa ingkang dipunwucal kanthi ngginakaken strategi peta konsep langkung sae tinimbang kaliyan ingkang ngginakaken strategi ceramah; 2) punapa kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa ingkang nggadhahi motivasi pasinaon ingkang inggil langkung sae tinimbang ingkang nggadhahi motivasi; 3) interaksi antawisipun strategi peta konsep kaliyan motivasi pasinaon dhumateng kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.

Panaliten punika dipuntindakaken wonten ing SMA Negeri 1 Kertek ingkang mapan wonten ing Desa Bojasari Kecamatan Kertek Kabupaten Wonosobo. Sampel panaliten punika saperangan saking polulasi inggih siswa Kelas X MIPA 1 ingkang jumlahipun 32 siswa minangka kelas kontrol saha Kelas X MIPA 3 ingkang jumlahipun 32 siswa minangka kelas eksperimen. Kangege ngugi hipotesa ing panaliten punika ngginakaken uji *two way anova*.

Migatosaken asil analisis dhata, panaliten punika saged dipunpundhut dudutan inggih punika Siswa ingkang dipunwucal kanthi strategi peta konsep langkung prigel nyerat deskripsi tinimbang siswa ingkang dipunwucal kanthi metode ceramah. Siswa ingkang nggadhahi motivasi pasinanon ingkang inggil langkung prigel nyerat deskripsi tinimbang siswa ingkang motivasi pasinaone andhap. Lelandhesan asil panaliten, saged dipundudut bilih wonten sesambutan antawisipun pasinaon kanthi ngginakaken strategi Peta Konsep nggadhahi pangaruh ingkang langkung sae kabandhingaken kaliyan model pasinaon Ceramah. Wonten bentenipun ingkang signifikan punika salah satunggalipun amargi wonten mumpangatipun ingkang nyata saking strategi Peta konsep.

Wosing tembung : strategi, Peta Konsep, pasinaon Ceramah, motivasi, kaprigelan nyerat dheskripsi

ABSTRAK

Dewi Weningati, 15 PSC01686. “Pengaruh Strategi Peta Konsep Terhadap Keterampilan Menulis Deskripsi Ditinjau Dari Motivasi Belajar Siswa Kelas X SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Tahun Pelajaran 2016/2017”. Tesis: Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.

Tujuan penelitian ini adalah untuk mencari : 1) bukti empiris apakah keterampilan menulis deskripsi bagi siswa yang diajar dengan menggunakan strategi peta konsep lebih baik daripada siswa yang diajar dengan menggunakan metode ceramah; 2) apakah keterampilan menulis deskripsi siswa yang memiliki motivasi belajar tinggi lebih baik daripada siswa yang memiliki motivasi belajar rendah; 3) interaksi antara strategi peta konsep dengan motivasi belajar terhadap keterampilan menulis deskripsi siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.

Penelitian ini dilaksanakan di SMA Negeri 1 Kertek yang bertempat di Desa Bojasari Kecamatan Kertek Kabupaten Wonosobo. Sampel penelitian ini adalah sebagian dari populasi yaitu siswa Kelas X MIPA 1 yang berjumlah 32 siswa sebagai kelas kontrol dan Kelas X MIPA 3 yang jumlahnya 32 siswa sebagai kelas eksperimen.

Untuk menguji hipotesa dalam penelitian ini digunakan uji two way anova. Memperhatikan hasil analisis data, maka penelitian ini dapat disimpulkan bahwa siswa yang diajar dengan menggunakan strategi peta konsep lebih terampil menulis karangan deskripsi dari pada siswa yang diajar dengan metode ceramah. Siswa yang memiliki motivasi belajar tinggi lebih terampil menulis karangan deskripsi daripada siswa dengan motivasi belajar rendah.

Berdasarkan hasil penelitian, dapat disimpulkan bahwa adanya interaksi antara pembelajaran yang menggunakan strategi peta konsep mempunyai pengaruh yang baik dari pada yang menggunakan metode ceramah. Ada perbedaan yang signifikan ini menunjukkan adanya manfaat menggunakan strategi peta konsep dalam pembelajaran menulis karangan deskripsi.

Kata Kunci : strategi, Peta Konsep, pasinaon Ceramah, motivasi, kaprigelan nyerat dheskripsi

ABSTRACTION

Dewi Weningati, 15 PSC01686. "The Effect of Concept Mapping Strategy On The Skills Of Writing The Description Viewed From Student's Learning Motivation in the Tenth Grade of State Senior High School 1 Kertek Wonosobo in the Academic Year 2016/2017." Thesis. Language Education Programme, Graduate Programme, Widya Dharma University klaten, 2017.

This Research is aimed to find out : 1)empirical evidence of the skills of writing a description for students who were taught using a concept mapping strategy. Whether students taught with this strategy are better than students taught by lecture methods; 2) whether the skills to write a description of students who have high learning motivation is better than students who are low motivation class; 3) the interaction between the concept mapping strategy with the motivation learning to skills write the description for grade X Students of SMAN 1 Kertek Wonosobo in the Academic Year of 2016/2017.

The research was conducted in SMA N 1 Kertek located in village of Bojasari subdistrict Kertek Distric Wonosobo. The sample of this research is a part of the population of students class for grade X MIPA 1 with number of 32 students as control class and class X MIPA 3 total 32 students as experiment class.

To test the hypothesis in this study used two way anova test. Considering the result of data analysis, this study can be conclude that students who are taught by using man mapping strataegy more skillfully to write essay description from the students who are taught by lecture method. Students who have higher learning motivation are more skilled at writing essay descriptions than students with low learning motivation.

Based on the result of this research, it can be concluded that interaction between the learning that using the stategy of maind mapping have a good. There are significant differents that indicate the benefits of using a concept mapping strategy in learning to write descriptions essay.

Keywords : strategy, concept mapping, lecture method, motivation, skill of write description essay.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Pendhidhikan bakunipun dipun dhasari kaliyan wawasan kesejarahan inggih punika pengalaman-pengalaman kala rumiyin, kasunyatan saha kabetahan samangke, ugi aspirasi saha pangajab ing tembe buri. Lumantar pendhidhikan kaajab saben masyarakat saged tumut nyengkuyung murih lestarinipun nilai-nilai luhur sosial kabudayan. Lumantar pendhidhikan ugi kaajab masyarakat saged mbangun saha ngrembakakaken potensi dhiri, sae ing kekiyatana spiritual, budi pakarti luhur, saha kaprigelan ingkang dipun betahaken wonten ing bebrayan agung.

Wonten ing UU RI No.20 Tahun 2003 ngenani sistem pendhidhikan nasional nyebataken bilih “*Pendidikan adalah usaha sadar saha terencana untuk mewujudkan suasana pasinaon saha proses pasinaon agar peserta didik secara aktif mengembangkan potensi dirinya untuk memiliki kekuatan spiritual, keagamaan, pengendalian diri, kepribadian, kecerdasan, akhlak mulia, serta ketrampisaha yang diperlukan dirinya, masyarakat, bangsa saha negara.*”

Saking UU RI No.20 Tahun 2003 punika saged dipunpendhet dudutan, bilih pendhidhikan minangka salah satunggaling proses kangege mbiyantu saben tiyang ngrembakakaken dhirinipun satemah saged tatag saha tanggon ngadhepi owah-owahan wonten ing salebeting bebrayan. Pendhidhikan boten namung

satunggaling proses pasinaon kemawon, ananging ugi proses nggulawenthah mental siswa, satemah saged ngasilaken generasi ingkang nggadhai kualitas ingkang sae, baud ing teknologi ugi saged mekar ngrembakaken pambangunan bangsa.

Ngrembag bab mutu pendhidhikan, mliginipun prestasi mata pelajaran bahasa Jawa kedah dipun tingkataken. Piwucalan basa Jawa nggadhai sekawan aspek kaprigelan inggih punika: mirengaken, micanten, maos, saha nyerat. Kaprigelan nyerat punika perangan ingkang manunggal saking piwucalan bahasa Jawa. Kaprigelan nyerat dipunwucalaken kanthi ancas supados para siswa saged ngandharaken gagasan, ide, saha pamanggih lumantar tulisan. Kaprigelan nyerat ambetahaken *perencanaan tersrtuktur*, sebab kaprigelan nyerat mujudaken salah satunggaling aspek piwucalan bahasa.

Kaprigelan nyerat dipunanggep mirungan dening saperangan ageng tiyang, bab punika nedhahaken bilih nyerat minangka alat komuniaksi kangge njlentrehaken gagasan, ide ingkang wonten ing tulisan punapa dene lisan. Ngandharaken gagasan lumantar seratan utawi kaya ilmiah saged dados pathokan tumrap kaprigelan pikir saben tiyang. Tarigan (1988 : 35) ngandharaken bilih majeng saha botenipun satunggaling bangsa saged dipunpirsani saking majeng utawi botenipun komunikasi tulis bangsa kasebat. Pramila sapunika pamarintah gentur sanget ngawontenaken maneka warna andon karya ilmiah, kanthi ancas ngasah saha ngolah kaprigelan pikir masyarakat. Bab punika nedhaken bilih pamarintah ngajab supados para siswa kedah ningkataken kaprigelan nyerat.

Kaprigelan nyerat siswa rinaos kirang, sebab wonten bab-bab ingkang saged dados pepasahag, ing antawisipun saking dhiri siswa piyambak (intern), saking tiyang sepuh, ugi saking lingkungan, saha saking sarana saha prasarana, sarta metode piwucalan ingkang dipunginakakaen guru. Saking pehak guru saged dipunidhentifikasi kirang optimal wonten ing proses sinau nyerat, pamilihan metodhe saha strategi sinau ingkang kirang trep, saha kirangipun kasempatan ingkang dipunparingaken guru dhateng siswanipun. Kajawi punika, tugas-tugas nyerat ingkang dipunparingaken dhateng siswa taksih kirang, satemah siswa rumaos bilih seratan ingkang nate dipundamel kirang sae saha leres. Bab punika saged dipunprangguli wonten ing lapangan, bilih kathah seratan siswa ingkang dereng jumbuh panyeratanipun, sae bab ejaan, tata ukara, saha sanes-sanesipun.

Faktor saking siswa piyambak ingkang dhominan ing salebeting proses piwucalan nyerat. Faktor ingkang dados pepasahag kirangipun kaprigelan nyerat siswa ing antawisipun bakat, minat, kirang kathah kosa kata, kaprigelan micanten, kirangipun kawruh bab nyerat, saha kirangipun motivasi sinau. Guru kedah magertosi kabetahan ingkang dipunkajengaken siswa, kadosta kabetahan prestasi. Wonten siswa ingkang nggadhahi motivasi prestasi ingkang inggil, kosok wangslipun wonten siswa ingkang kirang nggadhahi motivasi kangge berprestasi. Siswa ingkang nggadhahi motivasi prestasi ingkang inggil kangge sukses tamtu badhe nggayuh pangajabipun kanthi tumemen satemah saged unggul prestasinipun.

Motivasi saking dhiri pribadi siswa ageng pangaribawanipun tumrap kasil saha botenipun proses pasinaon. Motivasi saha prestasi pasinaon siswa nggadhahi sesambutan kaliyan tiyang sepuh utawi kulawarga. Miturut pamanggihipun

Miturut Sardiman (1994: 73)

“motivasi dapat dikaitkan dengan serangkaian usaha menyediakan kondisi – kondisi tertentu sehingga seseorang itu mau saha ingin melakukan sesuatu, saha bila ia tidak suka maka akan berusaha untuk melakukan sesuatu”.

Saking pamanggih ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih motivasi inggih punika proses saking reroncening pambudi daya kange nggiyataken motif-motif tumindak saha patrap ingkang saged nyekapi kabetahan saha saged nggayuh ancas ingkang sinedya, utawi dhiri pribadi ingkang samapta kange njurung kagayuhipun panjangka tinamtu.

Motivasi pasinaon miturut Ivor (1987 : 214) *“motivasi pasinaon adalah kekuatan tersembunyi didalam diri siswa, yang mendorong siswa untuk pasinaon dengan cara yang khas.”* Wondene miturut Dimyati saha Mudjiono (1999 : 80) *“motivasi pasinaon adalah kekuatan mental yang mendorong terjadinya pasinaon, motivasi dipandang sebagai dorongan mental yang menggerakkan dan mengarahkan perilaku manusia, termasuk perilaku pasinaon.”*

Saking pamanggih ing nginggil, pramila panaliti saged mendhet dudutan, bilih motivasi pasinaon punika kekiyatana mental ingkang kasimpen wonten ing dhiri siswa ingkang saged ndorong, nggerakaken, saha ngarahaken siswa kange

nindakaken pasinaon. Motivasi pasinaon saged tuwu sebab faktor intrinsik, arupi krenteg saha kepingin kasil sarta dorongan kabetahan sinau saha panjangka. wondene faktor ekstrinsik inggih punika wontenipun *penghargaan*, lingkungan Pasinaon ingkang *kondusif*, sarta kagiyanan pasinaon ingkang narik kawigaten. Ananging kedah dipunenget, faktor kekalih kala wau wonten jalananipun inggih punika *rangsangan* tinamtu, satemah tiyang utawi siswa kasebut nggadhahi krenteg kange nindakaken *aktivitas* pasinaon kanthi remen saha *semangat*.

Pendhidhikan nggadahi peran ingkang mirunggan kange ngembangaken potensi dhiri peserta dhidhik sebab pendhidhikan nggadhahi ancas kange ndhudhah saha ngembangaken potensi peserta dhidhik dados tiyang ingkang anggadhahi kaprigelan saha kreativitas satemah saged dados tiyang ingkang nggadhahi sumber daya ingkang inggil. Salah satunggaling kaprigelan ingkang dipun pikoleh wonten ing pendhidhikan, mliginipun wonten ing pasinaon bahasa Jawa inggih punika kaprigelan nyerat. McCrimmon ing Ririn (2010) mratelakaken bilih

“menulis merupakan kegiatan menggali pikiran saha perasaan mengenai suatu subjek, memilih hal-hal yang akan ditulis, menentukan cara menuliskannya, sehingga pembaca dapat memahaminya dengan mudah saha jelas”.

Kanthal mekaten nyerat saged dipuntegesi salah satunggaling cara kange ngandharaken pikiran, perasaan, saha minangka medhia komunikasi tumrap tiyang sanes utawi kange masyarakat.

Kemajengan medhia informasi ingkang sansaya canggih punika, kaprigelan nyerat mandar saged dipundadosaken satunggaling pakaryan ingkang ngasilakaen arta. Kaprigelan nyerat saged dados suksesipun tiyang. Maneka warna pakaryan utawi profesi ingkang mbetahaken kaprigelan nyerat, kadosta wartawan, editor, novelis, penulis saha kalebet ugi penulis sastra.

Salah satunggaling kaprigelan nyerat inggih punika nyerat karangan dheskripsi. Karangan inggih satunggaling bentuk sistem komunikasi lambang visual. Supados komunikasi lumantar lambang tulis saged jumbuh kaliyan ingkang dipunkersakaken, panyerat kedah ngesokaken gagasanipun wonten salebeting basa ingkang trep, runtut, saha jangkep. Basa ingkang runtut menika mujudaken manifestasi pikiran ingkang runtut ugi.

Kegiyatan nyerat dheskripsi saged dipunwiwiti saking pasinaon ing tingkat dhasar. Pasinaon nyerat dheskripsi badhe kasil kanthi sae sauger wonten *kerjasama* ing antawisipun guru saha siswa. Pasinaon ingkang punjeripun dhateng guru badhe nuwuhaken swasana pasinaon ingkang kirang nengsemaken saha njalari siswa bosen. Bab punika tamtu badhe njalari prestasi siswa ugi kirang sae. Salah satunggaling cara kange ngawekani bab punika inggih pasinaon kanthi ngginakaken *medhia pasinaon*. Medhia pasinaon satunggaling bab ingkang mirunggan wonten ing proses pasinaon. Kemp & Dayton (dalam Arsyad, 2011:75) mratelakaken

“fungsi medhia dalam pasinaon sangatlah penting bagi siswa saha bagi guru. Minat saha motivasi pasinaon siswa dapat ditumbuhkan dengan menggunakan medhia pasinaon yang menarik”.

Proses pasinaon ing kelas saged boten mbosenaken sauger medhia pasinaon ingkang dipunginakaken ngremenanke siswa. Medhia pasinaon ugi nggadhahi fungsi mbiyantu guru kangge ngandharaken materi pasinaon marang para siswa. Pamilihan medhia pasinaon kedah dipunjumbuhaken kaliyan materi ingkang badhe dipunparingaken siswa. Ananging wonten ing kasunyatanipun, padhatan pasinaon nyerat dheskripsi kathah guru ingkang kirang optimal anggenipun ngginakaken medhia pasinaon. Bab punika ugi kadadosan wonten ing SMA Negeri 1 Kertek Kelas X semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.

Adhedhasar observasi ingkang dipuntindakaken panaliti dhateng guru mata pelajaran bahasa Jawa wonten SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017, dipunprangguli masalah ingkang sami inggih punika kirang optimalipun anggen mucalaken materi nyerat dheskripsi sebab kirangipun medhia pasinaon ingkang dipunginakaken. Sabagian ageng guru anggenipun mucal namung ngginakakaen metode ceramah, maringi tuladha saha maringi penugasan, satemah sedaya proses kagiyatan pasinaon punjeripun namung wonten ing guru. Bab punika anjalari kaprigelan nyerat siswa SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017 kirang optimal.

Kaprigelan nyerat dheskripsi siswa wonten ing SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017, taksih sakngandhapipun rata-rata. Para siswa anggenipun nyerat dheskripsi, umumipun dereng jumbuh kaliyan punapa ingkang dados kersanipun guru. Kajawi ugi, taksih kapranggusaha siswa kirang remen

anggenipun ndherek piwucalan nyerat dheskripsi mliginipun saha pasinaon bahasa Jawa umumipun. Bab punika sebab materi dipunanggep kirang narik kawigatosan saha medhia pasinaon ingkang dipunginakaken ugi kirang ngremenaken. Pramila siswa dados kirang fokus saha kirang nggatosaken pasinaon.

Adhedhasar kawontenan kasebat ing ngginggil, pramila prelu dipunwontenaken pembaruan wonten ing pasinaon nyerat dheskripsi. Salah satunggaling pambudi inggih punika kanthi ngginakaken bantuan medhia peta konsep wonten ing pasinaon nyerat dheskripsi. Peta konsep wonten ing pasinaon nyerat dheskripsi punika dados medhia sebab peta konsep sampun kasusun rumiyin, salajengipun dipunginakaken minangka sarana utawi medhia pasinaon nyerat karangan dheskripsi.

Martin (wonten ing Trianto, 2010:157) mratelakaken bilih “peta konsep dipunginakaken kangge mratelaken sesambutan ingkang nggadhahi makna utawi teges ing antawisipun konsep-konsep wonten ing bentuk proposisi”. Peta konsep yektosipun mingangka bageyan saking strategi. Minangka strategi pasinaon, peta konsep ngajab para siswa kange *memetakan konsep-konsep* salajengipun konsep kasebat dipunilustrasikaken piyambak dening siswa wonten ing bentuk ilustrasi grafis. Peta konsep ugi saged dipunginakaken minangka medhia pasinaon.

Wonten ing panaliten punika, medhia peta konsep dipundamel saha dipunuji coba ing kelas minangka medhia pasinaon nyerat dheskripsi. Peta konsep wonten ing panaliten punika dipunginakaken minangka medhia kange

ngsahataraken kawruh wiwitan bab dheskripsi. Kawruh bab dheskripsi kasebat kangge sahadhesan siswa nyerat dheskripsi. Peta konsep dipunginakaken kangge ngronce cengkorongan dheskripsi. Peta konsep ingkang dipundamel ngemot struktur teks dheskripsi kang kaperang saking identifikasi saha dheskripsi ingkang samangke kangge acuan para siswa anggenipun nyerat satunggaling dheskripsi. Medhia punika kaaturaken ngangge gambar kalih dimensi. Saben konsep ingkang dipunparingaken dipungambaraken kanthi bobot ingkang sami.

“Media peta konsep ini disusun secara hierarki, konsep yang lebih inklusif diletakkan di puncak peta, semakin ke bawah konsep-konsep diurutkan menjadi konsep yang kurang inklusif” (Trianto, 2010:159). “Peta konsep dipilih karena peta konsep tersebut mampu memuat konsep yang banyak dalam satu sajian” (Trianto, 2010:160).

Peta konsep cocok menawi dipunginakaken wonten ing pasinaon nyerat teks dheskripsi sebab konsep-konsep ngenani struktur teks dheskripsi bilih dipunandharaken mawi cara tradhisional badhe mbetahaken wekdal ingkang kathah. Lumantar peta konsep punika, ciri-ciri punapa dene struktur teks dheskripsi saged dipunjelrehaken kanthi prasaja ananging makna utawi suraosipun saged katampi dening siswa kanthi trawaca.

Kanthi ngginakaken peta konsep punika, pramila kawruh utawi konsep-konsep ngenani dheskripsi saged dipunpetakaken wonten satunggal gambar kalih dimensi. Gambar ingkang narik kawigaten ugi badhe narik kawigatosanipun para siswa. Kanthi mekaten motivasi pasinaon para siswa kaangkah saged tuwuh salebetung manah para siswa. Motivasi pasinaon inggang inggil tamtu badhe njalari prestasi pasinaon ingkang inggil ugi. Lumantar

ngginakaken medhia peta konsep punika kaangkah saged paring motivasi pasinaon ingkang inggil dhumateng para sisa, mliginipun tumrap materi pasinaon sastra nyerat karangan dheskripsi.

Panaliten punika trep menawi dipuntindakaken dhateng siswa SMA Negeri 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017. Siswa SMA Negeri 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017 kapilih sebab kaprigelan nyerat dheskripsi siswa wonten sekolah kasebat rinaos kirang sae adhedhasar kasil wawan rembag punapa dene kasil observasi ingkang sampun katindakaken panaliti. Bab punika mliginipun sebab kirang efektif anggenipun ngginakaken medhia pasinaon nyerat dheskripsi. Medhia peta konsep rinaos trep dipunginakaken wonten ing pasinaon nyerat dheskripsidi SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017 sebab para siswa mbetahaken satunggaling medhia utawi metode ingkang narik kawigatosan ugi ingkang saged nuuhaken krenteg saha motivasi pasinaon, satemah prestasi pasinaon mlginipun ing materi nyerat dheskripsi sakasahagkung sae.

B. Idhentitasing Prakawis

1. Siswa kirang remen nyerat.
2. Kaprigelan nyerat siswa dereng jumbuh kaliyan ingkang dipunkersakaken guru.
3. Dereng wonten metode ingkang trep dipunginakaken ing pasinaon nyerat dheskripsi.

4. Kirangipun motivasi siswa nyerat dheskripsi.

C. Winatesipun Prakawis

Wonten watesan prakawis ingkang dipundamel dening panaliti ing panaliten punika. Ancasipun supados samangke mboten nggladrah katrangan ingkang badhe dipunandharaken. Wondene prakawis ingkang dipunwatesi inggih punika :

1. Obyek ingkang dipunteliti inggih punika SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017.
2. Variabel ingkang dipunteliti kaprigelan nyerat dheskripsi, peta konsep, motivasi pasinaon lan metode ceramah.
3. Responden ingkang dipunteliti inggih punika siswa SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017 SMA 1 Kertek Kelas X Tahun Pelajaran 2016/2017.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar lelarahing prakawis panaliten ing nginggil, pramila saged dipun rumusaken prakawis kasebat, inggih punika :

1. Punapa kaprigelan nyerat dheskripsi kangge siswa ingkang dipunwucal kanthi ngginakaken strategi peta konsep langkung sae tinimbang ingkang ngginakaken strategi ceramah tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017?
2. Punapa kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa ingkang nggadhahi motivasi pasinaon ingkang inggil langkung sae tinimbang ingkang nggadhahi

motivasi andhap tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017 ?

3. Punapa wonten interaksi antawisipun strategi peta konsep kaliyan motivasi pasinaon dhumateng kaprigelan nyerat tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017?"

E. Ancasing Panaliten

Sahadhesan saking prakawis ingkang wonten, pramila ancasing panaliten punika kange madosi bukti empiris ngenani :

1. Kangge mbuktekaken punapa kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa ingkang dipunwucal kanthi ngginakaken strategi peta konsep sahagkung sae tinimbang kaliyan ingkang ngginakaken strategi ceramah tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.
2. Kangge mbuktekaken punapa kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa ingkang nggadhahi motivasi pasinaon ingkang inggil langkung sae tinimbang ingkang nggadhahi motivasi andhap tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.
3. Kangge mbuktekaken wontenipun interaksi antawisipun strategi peta konsep kaliyan motivasi pasinaon pangaruhipun dhumateng kaprigelan nyerat dheskripsi tumrap siswa SMA Negeri 1 Kertek Kabupaten Wonosobo Kelas X Semester 1 Tahun Pelajaran 2016/2017.

F. Mumpangating Panaliten

Adhedhasar prakawis saha ancasing panaliten ing nginggil, pramila saged dipun pendhet mumpangating panaliten, inggih punika :

1. Kangge Universitas

Hanambahi wawasan saha pengetahuan ing bab pendhidhikan sarta paring seserepan dhumateng panaliti sanes ingkang badhe nindakaken panaliten ingkang sami, saha saged dados bahan acuan saha referensi.

2. Kangge Panaliti

Saged nuuhaken pangertosan bilih jenjang Pendhidhikan dipun betahaken, saksanesipun kangge hanambahi kawruh ugi nambah wawasan bab jenjang Pendhidhikan.

3. Kangge siswa

Minangka seserepan bab wigatosipun “*Percaya Diri*” saha saged paring panjurung supados saged ningkaten prestasi pasinaon.

4. Kangge sekolah , kasil panaliten punika saged dipun dadosaken sumbang sih dhumateng pangarsa ugi guru kangge ningkataken kaprigelan nyerat dheskripsi .

5. Kangge tiyang sepuh, kasil panaliten punika saged dipun dadosaken minangka panjurung kangge paring motivasi pasinaondhumateng larenipun supados saha prigel nyerat.

6. Kangge guru, kasil panaliten punika saged paring seserepan saha gambaran ngenani wigatosipun paring motivasi pasinaon nyerat dheskripsi, satemah siswa saged ningkataken prestasinipun.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Migatosaken asil analisis dhata, panaliten punika saged dipunpundhut dudutan inggih punika:

1. Siswa ingkang dipunwucal kanthi strategi peta konsep langkung prigel nyerat deskripsi tinimbang siswa ingkang dipunwucal kanthi metode ceramah ($F=331,669$).
2. Siswa ingkang nggadhahi motivasi pasinanon ingkang inggil langkung prigel nyerat deskripsi tinimbang siswa ingkang motivasi pasinaone andhap ($F=114$).
3. Lelandhesan asil panaliten, saged dipundudut bilih wonten interaksi antawisipun pasinaon kanthi ngginakaken strategi Peta Konsep nggadhahi pangaruh ingkang langkung sae kabandhingaken kaliyan model pasinaon Ceramah. Wonten bentenipun ingkang signifikan punika salah satunggalipun amargi wonten mumpangatipun ingkang nyata saking strategi Peta Konsep ($F=22,066$).
4. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken metode ceramah siswa ingkang motivasinipun inggil nggadhahi kaprigelan nyerat karangan dheskripsi langkung sae katimbang kaprigelan nyerat

karangan dheskripsi menggunakan metode ceramah siswa ingkang motivasinipun andhap.

5. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken strategi peta konsep siswa ingkang motivasinipun inggil nggadhahi kaprigelan nyerat karangan dheskripsi langkung sae katimbang kaprigelan nyerat karangan dheskripsi menggunakan metode ceramah siswa ingkang motivasinipun andhap.
6. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi menggunakan strategi peta konsep siswa ingkang motivasinipun inggil nggadhahi kaprigelan nyerat karangan dheskripsi langkung sae katimbang kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken metode ceramah siswa ingkang motivasinipun andhap.
7. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken strategi peta konsep siswa ingkang motivasinipun andhap nggadhahi kaprigelan nyerat karangan dheskripsi langkung sae katimbang kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken metode ceramah siswa ingkang motivasinipun inggil.
8. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken strategi peta konsep siswa ingkang motivasinipun inggil nggadhahi kaprigelan nyerat karangan dheskripsi langkung sae katimbang kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken metode ceramah siswa ingkang motivasinipun inggil.

9. Kaprigelan nyerat karangan dheskripsi ngginakaken strategi peta konsep siswa ingkang motivasinipun inggil langkung sae katimbang siswa ingkang nggadhahi motivasi andhap.

B. Implikasi

Panaliten punika nggadhahi implikasi inggih punika;

1. Strategi pasinaon dados piranti ingkang wigatos ing piwulangan, amargi media punika “perantara” antawisipun guru kaliyan siswa, supados siswa langkung gampil nampi materi piwulangan. Saking panaliten punika wonten sumbangan lan pangaruh ingkang signifikan migunakaken strategi pasinaon wonten ing kegiyatan pembelajaran.
2. Guru kedah saged ngecakaken strategi pasinaon ingkang jumbuh kaliyan materi pasinaon. Guru kedah nggadhahi kompetensi ingkang sae supados prestasi siswa sae. Kompetensi ingkang kedah dipunkuwaosi inggih punika pedagogik, kepribadian, sosial lan professional. Kompetensi pedagogik wonten sesambutanipun kaliyan kemampuan intelektual kados nguwaosi materi pasinaon ingkang badhe dipunwucalaken, nggadhahi pengetahuan ingkang wiyar, mangertosi caranipun ngajar ingkang sae, nggadhahi pengetahuan bab administrasi kelas lan nggadahi pengetahuan bab bimbingan lan penyuluhan. Satemah guru sged ngecakaken model,metode punapa strategi pasinanon ingkang trep kaliyan materi.
3. Motivasi dipunbetahaken sanget kangee nindakaken aktivitas supados punapa ingkang dipunsedya saged kagayuh. Asil panaliten punika wonten sumbangan ingkang signifikan antawisipun motivasi sinau siswa kaliyan

prestasi sinau. Pramila siswa kedah tansah dipunmotivasi supados anggenipun sinau tansah greget lan tumata. Siswa ugi nggadhahi raos tanggel jawab dhumateng asil prestasi sinau supados prestasinipun sae. Wonten ing pasinaon Basa Jawi siswa kedah dipunparangi motivasi supados remen dhumateng materi pelajaran kanthi cara anggenipun paring piwulangan ingkang ngremenaken. Siswa supados langkung remen nderek pasinaon Basa Jawi amargi Basa Jawi dipunanggep pelajaran ingkang mboseni lan boten modern. Kanthi metode pembelajaran lan migunakaken media ingkang narik kawigaten tartamtu siswa remen ndherek pasinaon lan asil prestasinipun saged sae.

C. Pamrayoga

Panaliten punika nggadhahi asil lan wonten pamanggih satemah wonten pamrayoga inggih punika:

1. Kangge sekolah
 - a. Maringi sarana lan prasarana pembelajaran ingkang cekap kalebet media pasinaon audiovisual, LCD, lan alat paraga sanesipun.
 - b. Maringi fasilitas pelatihan Teknologi Informasi Komputer kangge bapak/ibu guru kangge ngindhakaken pengetahuan lan ketrampilan komputer.
 - c. Situasi lan kondisi lingkungan sekolah didamel resik, asri, saha nyaman supados siswa anggenipun nderek pasinaon kondusif lan prestasi sinau ingkang sae saged kagayuh.

d. Maringi *rewad* utawi hadhiyah dhumateng siswa ingkang nggadhahi prestasi sae supados motivasi sinau siswa saged mindhak.

2. Kangge Guru

- a. Guru anggenipun paring piwulangan tansah migunakaken metode pasinaon ingkang narik kawigaten supados siswa langkung remen ndherek pasinaon.
- b. Guru nggadhahi kreativitas ndamel media pembelajaran supados pasinaonipun langkung grengseng lan siswa boten bosen.
- c. Guru tansah maringi motivasi, arahan, bimbingan lan tansah komunikasi kaliyan para siswa supados siswa langkung sregep sinau lan nggadhahi prestasi ingkang sae.
- d. Guru tansah ningkataken profesionalismenipun kanthi ndherek kegiatan seminar, diklat, lokakarya, lan workshop kangge ngindhakaken kawruh ing babagan migunakaken sumber-sumber pasinaon lan migunakaken media pasinaon.

3. Kangge tiyang sepuh

- a. Tansah migatosaken putra-putrinipun anggenipun sekolah.
- b. Tansah maringi pitutur supados putra-putrinipun langkung sregep anggenipun sinau.
- c. Tansah migatosaken pasrawungan putra-putrinipun, kaliyan sinten kemawon anggenipun kekancan.
- d. Tansah maringi fasilitas kangge kabetahan sekolah.

- e. Tansah migatosaken punapa putra-putrinipun wonten tugas sekolah, PR utawi prestasi ingkang sampun kagayuh tuladhanipun biji ulangan.
 - f. Tiyang sepuh tansah rawuh dhateng sekolah menawi wonten undangan saking sekolah supados mangertosi ngrembakanipun pasinaon putra-putrinipun.
 - g. Tiyang sepuh tansah komunikasi dhumateng wali kelas utawi pihak sekolah supados saged ngontrol ngrembakanipun pasrawungan lan pasinaon putra-putrinipun.
4. Kangege siswa
- a. Siswa supados nggadhahi motivasi inggil anggenipun sinau, aktif nalika ndherek proses kegiatan belajar mengajar, mangertosi instruksi guru, nyuwun pirsa menawi dereng mangertosi punapa ingkang dipunandharaken guru.
 - b. Siswa supados mangertosi punapa ingkang dados tugas lan kewajibanipun dados siswa supados prestasinipun sae.
 - c. Siswa tansah disiplin dhumateng tugas ingkang dipunparingaken kaliyan bapak/ibu guru.
 - d. Siswa supados tansah nggadhahi motivasi sinau saking dari pribadhi piyambak supados prestasinipun mindhak.
 - e. Siswa kedah pinter-pinter anggenipun pados kanca ing pasrawungan supados boten nerak wewaler.

KAPUSTAKAN

- Buzon, Tony.2012. Buku Pintar Mind Mapping. Jakarta : CV Prima Grafika
- Christine Harvey, 1996, *Motivasi yang Sukses*, Jakarta : Megapoin.
- Djago Tarigan. 1990. *Teknik Pengajaran Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Furneoux, Clare. 1999. *Recent Materials on Teaching Writing (ELT Journal Vol 53/1 Januari 1999)*. Oxford : Oxford University Press.
- Gorys Keraf. 1980. *Komposisi*. Jakarta : Nusa indah.
- Hadari Nawawi. 1983. *Metode Penelitian Bidang Sosial*. Yogyakarta : Gajah MadaUniversity Press.
- Hadiyah. 2001. "Studi Korelasi antara Motivasi Belajar dan Pengalaman sebagai Guru SD dengan Pencapaian Indek Prestasi Pasinaon Mahasiswa PGSD Surakarta". *Penelitian Perseorangan dalam Bidang Pendidikan*. Surakarta: FKIP UNS.
- Henry Guntur Tarigan. 1987. *Menulis sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung :Tarsito.
- _____. 2008. *Menulis sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung : Angkasa.
- _____. 1993. *Menyimak sebagai suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Imam Suyanto. 2000. "Korelasi antara Kemampuan Menyimak dan Indeks Prestasi Komulatif Mahasiswa DII PGSD Penyetaraan Tatap Muka FKIP-UNS UPP Kebumen Tahun 1997/1998". *Peneitian Perorangan dalam Bidang Pendidikan*. Surakarta, FKIP UNS.
- Krech, David., Crutchfeild, Richard S., Ballachey, Egerton L.. 1996. *Individual in Society: A Texbook of Social Psychology*. (Edisi Terjemahan oleh Siti Rochmah, Misbach Djamil, Rochayah). Jakarta : Depdikbud.

- _____. 1979. *Language Teaching, A Scientitic Approach*. New Delhi :Bombay Tata MC. Grows Hill.
- Leonhardt, Mary. 1998. *99 Ways to Get Kids to Love Writing. And 10 Easy Tips For Teaching Them Grammar*. (Edisi Terjemahan oleh Eva Y. Nukman). Bandung : Kaifa.
- Lilis Suryani. 2004. Hubungan antara Kemampuan Memahami Struktur Bahasa dan Motivasi Belajar dengan Keterampilan Menulis Siswa Kelas V Sekolah Dasar Negeri se-Gugus Anggrek Kecamatan Sukoharjo Kabupaten Sukoharjo.*Tesis*. Surakarta: UNS.
- Margono, S . 2003. *Metode Penelitian Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- McCrimmon, James M. (1967). *Writing With a Purpose*. Boston : Houghton Mifflin Company
- Muchlisoh,dkk. 1992.*Pendidikan Bahasa Indonesia3*. Jakarta: Depdiknas.
- Nunan, David. (1991). *Language Teaching Methodology*. New York : Prentice Hall.
- Paulston, Christina, dan Bratt. 1966. *Teaching English as a Sepnd Language Departemen of General linguistis*. Rittsburgh : University of Rittsburgh.
- Rukayah. 2004. “Keefektifan Pendekatan Pasinaon Terpadu dan Motivasi Belajar Siswa dalam Pasinaon bahasa Indonesia Lelas V Sekolah Dasara Surakarta.” *Paedagogia Jurnal penelitian Pendidikan Jilid 7 No. 2 Agustus 2004*. Surakarta: FKIP UNS.
- Sabarti Akhadiah M.K., Maidar G.A, dan Sakura Ridwan. 2001. *Pembinaan Kemampuan menulis bahasa Indonesia*. Jakarta : Erlangga.
- Slamet, St. Y. 2008. *Dasar-dasar Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta: UNS Press.
- Sardiman A.M.. 1996. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar*, Jakarta : PT RajaGrafindo Persada.
- Semi, M. Atar.2007. *Dasar-dasar Keterampilan Menulis*, Bandung:Angkasa.

Sri Harini Ekowati. 2008. "Strategi Belajar Menulis pada Mahasiswa Jurusan Bahasa Perancis Pemula Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Jakarta". *Jurnal Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya*. Surakarta: UNS Press.

Sudjana. 1990. *Statistika Inferens untuk Ekonomi dan Niaga*. Bandung: Tarsito.